



**Built to Lead**

Pou piblikasyon imedya: 06/30/2016

**GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO**

## **GOUVÈNÈ CUOMO LANSE NOUVO INISYATIV TOURIS NAN PREMYE DEFI ETE CATSKILL**

***Gouvènè Cuomo ansanm avèk otorite eli yo te patisipe nan aktivite anplennè pou anonse kwasans touris toupatou nan Upstate New York***

***Robert De Niro te rejwenn li, Gouvènè a te lanse yon seri nouvo inisyativ, sa ki gen ladan anons televizyon, ak kanpay piblisite touris MTA ak nouvo investisman pou atire vizitè epi amelyore enfrastrikti touris nan Hudson Valley***

***Eta ap nome lokal 1969 konsè Woodstock nan Rejis Nasyonal Eta ak Plas Istorik yo***

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodia te òganize premye defi ete Catskill ki mete aksan sou atraksyon nivo mondyal ak aktivite ki deja disponib nan Catskills avèk objektif pou kondwi touris ak ranfòse ekonomi rejyon an. Aktivite a te demare nan Bethel Woods Center pou Pèfòmans Art e li pral kontinye nan lokasyon anplennè toupatou nan rejyon an. Defi a pote ansanm otorite eli lokal yo, lidè yo nan endistri touris la ansanm avèk amatè anplennè yo pou patisipe nan yon varyete aktivite lwazi anplennè sa ki gen ladan rafting, monte bisiklèt, randone ak pèch a la mouch. Aktè Robert De Niro, ki se yon rezidan Catskills pandan lontan, te rejwenn Gouvènè a tou nan aktivite a. Defi a ap kopye sou defi Adirondack Gouvènè a ki gen siksè sa ki kontinye ranfòse touris nan Upstate New York.

Anvan li te patisipe nan Defi a, Gouvènè a te devwale yon seri inisyativ ki pral kontinye sipòte kwasans touris nan rejyon an. Inisyativ sa yo gen ladan yon kanpay piblisite \$5 milyon ki prezante yon nouvo anons televizyon ak piblisite "I Love New York" sou tren, bis MTA yo ak chemendefè vwayaj ki santre sou Catskills, ak nouvo finansman pou pwojè minisipal yo ansanm avèk plizyè santèn milye dola nan sibvansyon pou ede kominote Catskill yo ranfòse enfrastrikti touris yo. Nan aktivite a, Gouvènè a te anonse tou ke eta pral nome lokal 1969 Woodstock Music ak lokasyon Fwa Atistik Bethel nan plas istorik rejis nasyonal Eta. Festival Woodstock la te atire yon odyans plis pase 400,000 moun e yo konsidere l lajman kòm yon moman espesyal nan istwa mizik popilè.

"Catskills se youn nan pi gwo trezò natirèl New York, e jodia nap kontinye brake pwojektè yo sou sa ki fè rejyon sa vini spesyal anpil," **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Defi sa se osijè pou mete an valè aktif natirèl Catskills – lak vyèj yo, panorama mayifik ak bèl santye yo – pou kondwi touris, sipòte biznis lokal epi jenere kwasans ekonomik

kontinyèl. Nap envesti nan rejyon sa tankou jamè anvan e mwen fyè pou m kontinye atansyon sa kidonk touris ka rete yon sous pwosperite ekonomik ak opòtinite nan Hudson Valley pou ane kap vini yo.”

“Gouvènè Cuomo rekonèt atè pwisan ke resous natirèl nou yo posede ansanm avèk plan I pou ede revitalize ekonomi Upstate sa ki gen ladan eksplwate pouvwa sa,” **te deklare Gouvènè Adjwen Kathy Hochul.** “Aktivite tankou defi Catskill bay yon bon opòtinite pou montre tout sa rejyon an gen pou ofri ak efè antrènman benefis ekonomik ka santi toupatou nan rejyon an.”

Nan kad Defi Catskills 2016, plis pase 200 patisipan pral patisipe nan yon varyete aktivite anplennè, sa ki gen ladan lapèch a mouch, randone, monte bisiklèt sou wout, gòlf, monte bisiklèt sou mòn, bòks boul ak monte motosiklèt. Aktivite yo pral fèt nan Landers River Trips, Villa Roma, Mongaup Pond Campground, the Fly Fishing Center, ak Sullivan West High School.

Depi li antre nan administrasyon an, Gouvènè Cuomo te fè investisman istorik pou sipòte endistri touris, e rezilta yo te montre I. Touris Eta New York te jenere yon enpak ekonomik de plis pase \$100 milya nan 2015. Nan rejyon Catskills la sèlman, depans dirèk touris te lakoz nan plis pase \$1.1 milya nan enpak ekonomik, yon ogmantasyon de plis pase 13 pousan depi 2010. Vizit yo monte a plis pase 11 pousan depi 2010 avèk plis pase 4 milyon vizitè nan Catskills nan 2014. Anplis, touris enpòtan nan ekonomi rejyon an, sa ki reprezante plis pase 15 pousan nan travay rejyon an, sowa plis pase 17,000 djòb.

Nan aktivite a Gouvènè a te anonse plizyè investisman stratejik pou ranfòse touris nan rejyon Catskills yo:

### **Kanpay Touris Ete MTA Catskills**

Gouvènè a te anonse yon kanpay piblisite dezan \$ 5milyon dola pou sipòte ak elaji endistri touris nan rejyon Catskills. Divizyon Touris Empire State Development, I LOVE NEW YORK, an patenarya avèk MTA, te lanse kanpay la, sa ki pral sible plizyè milyon Nouyòkè ansanm avèk vwayajè yo kap montre tren MTA, bus ak rezo vwayaj chemendefè, anplis de vwayajè bis New Jersey, pou ankouraje yo vizite Catskills. Kanpay la gen ladan de tour bis, anons nan 570 machin tren, sou 150 panèl antre tren, e nan preske 230 tren vwayaj ale ak soti nan Vil New York. Anons la prezante Sant Woods Bethel Catskills pou Art nan Bethel; Lake Wawaka nan Middletown; Zoom Flume nan Lès Durham; OPUS 40 nan Saugerties; Roscoe NY Beer Co in Roscoe; ak Hanford Mills Museum nan Lès Meredith. Anons lan pral pase jis nan mwa Out. Pou gade yo, klike [la](#).

### **“I Love New York” Anons Televizyon Catskills**

Kanpay la gen ladan tou yon nouvo anons televizyon “I Love New York” e li santre sou rejyon an, aktyèlman li difize nan New York, New Jersey, Connecticut, lwès Massachusetts, pati lès ak santral nan toulède pati Pennsylvania ak Ohio. Anons lan pral difize pandan ete a jis nan dat 7 Out e lap prezante yon vizit zipline nan mòn

Hunter; zòn nesans lapèch a-la-mouch American nan Roscoe; pi gwo kaleyidoskòp mond lan nan Mt. Tremper; Sant Bethel Woods pou Art; ak Rocking Horse Ranch nan Highland. Pou wè piblisite a, klike [la](#).

### **Sibvansyon Kwasans Entèlijan**

Gouvènè a te anonse tou ke yo pral atribye \$223,000 grasa enplemantasyon sibvansyon Kwasans Entelijan nan sis pwojè park Catskill. Finansman grasa Fon Pwoteksyon Anviwonman pou kominote Catskill Park yo ansanm avèk òganizasyon yo pou sipòte lwazi, kwasans ekonomik ak pwoteksyon anviwonman, sibvansyon sa yo fèt pou ede rejyon an grandi nan fason entelijan ak ankouraje kominote pratikab, abitab.

Pwojè ki atribye yo demontre kijan kominote yo nan Catskill ka devlope lè yo itilize atou natirèl inik Park la ki konbine avèk teknoloji amelyore, atraksyon ak enfrastrikti pou pote nouvo biznis ak sitwayen. Sa a se twazyèm pati nan lajan finansman kwasans entelijan kap sipòte kominote Catskill Park yo. Sibvansyon ane sa devlope sou prekes \$1.1 milyon dola ki angaje nan de premye pati finansman pou pwogram sa a.

Pwojè yo nan 2016 gen ladan:

- **Vil Prattsville** – \$53,683 pou yon paviyon nan Zòn Lwazi Conine Field;
- **Tèt Mòn Arboretum** – \$24,875 pou yon pwojè pou amelyore sekirite nan antre etablisman an;
- **Vilaj Tannersville** – \$20,500 pou yon pwojè kyòs enfòmasyon vizitè nan ri prensipal la;
- **Vil Andes** – \$64,500 pou pwojè istorik sous dlo segondè seksyon rural;
- **Vil Shandaken** – \$28,450 pou amelyorasyon park yo nan vil la, ekleraj solè and Amenajman Peyizaj; ak
- **Sant Catskill pou Konsèvasyon ak Devlopman** – \$30,992 pou konsepsyon Enteryè Sant Entèpretativ Catskill.

### **Finansman pou Pwojè Minisipal**

Yo pral bay tou \$500,000 nan asistans finansman lokal pou sipòte yon kantite pwojè nan rejyon Catskills la. Pwojè sa yo gen ladan:

- Yon plan konplè park lwazi pou konpile ak mete ajou plan ki te devlope anvansa nan Catskills pou bay yon plan entegre pou devlopman ekonomik ak amelyorasyon enfrastrikti pou amelyore touris ak lwazi nan rejyon Catskill;
- Amelyore santye mòn pou bisiklèt, santye randone, pakin ansanm avèk aksè nan tè konsèvasyon forè;
- Ekspansyon Pwogram Somè Jesyon an, pou plase entandan sou tèt mòn nan Catskills pou anseye vizitè yo sou kijan pou pwoteje anviwonman tèt mòn frajil la;
- Nouvo siyal pou idantifye santye ak chemen, anplis de nouvo kyòs edikasyon;
- Gwo amelyorasyon pakin nan Overlook, Prediger, Roaring Kill, Platte Clove, Kaaterskill Falls, ak Giant Ledge;

### **Sit Istorik Woodstock**

Gouvènè a te anonse jodia ke Eta New York pral travay avèk mèt pwopriyete sit lejandè

1969 Woodstock Music ak lokasyon Fwa Atistik pou chèche nominasyon nan plas istorik rejis nasyonal Eta. Yo konsidere festival la lajman kòm yon moman espesyal nan istwa mizik popilè. Plan orijinal lokal la se te pou festival la fèt nan Woodstock, New York, men apre ke rezidan yo te refize epi entèdi pou òganize l nan Wallkill, òganizatè yo te fè aranjman pou òganize l sou fèm letye 600-kawotè fèmye Max Yasgur nan Bethel. Festival la te atire yon odyans plis pase 400,000 moun e li te dire kat jou, apati 15 a 18 Out 1969.

Jodia, vizitè yo ka remonte nan tan lontan nan ane 60 yo nan Mize Bethel Woods. Lokalize sou sit mizik ak fwa atistik ane 1969, mize a se yon fason inik pou eksperimente mizik ak fwa atistik 1969 Woodstock, dekouvri kijan li te kouwone yon deseni etonan transfòmasyon kiltirèl radikal, ak temwen eritaj kontinyèl li. Rekoleksyon pèsònèl yo, ekspozisyon miltimedya kaptivan dènye kri, ekstrè festival fim metraj epi angaje pwogram ak aktivite ke yo ka eksperimente nan mize a. Sant Bethel Woods pou Art ki awwazinan ofri plizyè etap ki prezante yon seleksyon divès atis popilè ak pèfòmans kiltirèl rich.

**Prezidan MTA Tom Prendergast te deklare**, “Defi Ete Catskill Gouvènè Cuomo se yon gwo fason pou mete aksan sou anpil atraksyon vakans nan rejyon Catskills, e MTA kontan pou l travay avèk kanpay l Love New York pou ede voye mesaj sa bay plizyè milyon kliyan ki monte tren ak bis nou yo chak jou e yo pral wè piblisite a.”

“Grasa lidèchip Gouvènè Cuomo, nou te fè anpil pwogrè nan travay avèk kominote yo nan Catskill Park pou pwoteje ak amelyore peyizaj presye nan rejyon an,” **te deklare Komisyone DEC Basil Seggos**. “Angajman kontinyèl nou nan Catskills te lakoz nan yon ogmantasyon vizit ak depans touris, e sibvansyon ke yo te anonse jodia pral ede kominote sa yo plis elaji efò pou kenbe touris ak amelyore eksperyans anplennè anjeneral.”

“Pwomosyon nou nan destinasyon touris toupatou nan eta te bay nan plis pase \$100 milya nan enpak ekonomik,” **te deklare Prezidan, PDG ak Komisyone Empire State Development Howard Zemsky**. “Nan Catskills, touris se yon pati enpòtan nan ekonomi rejyon an, sipòte plis pase 17,000 djòb nan gwo sit touris yo, sa ki gen ladan Howe Caverns, Mòn Hunter 3,200-pye ski ivè, yon kou ete zip line, fanal istorik Saugerties, ak plis ankò. Flèch yo pwente nan bon direksyon an, investisman nou yo ap rekonpanse, e nap akeyi avèk fyète plizyè milyon vwayajè nan Eta New York chak ane.”

Siksè Defi Catskills 2016 la chita sou akonplisman Gouvènè a ki deja fikse wout la pou pwochen kwasans nan rejyon Catskills, sa ki gen ladan:

- DEC te investi plis pase \$5.4 milyon nan rejyon an pou amelyore aksè lapèch, santye randone, sit kan ak enfrastrikti.
- Sant Catskill Interpretive Maurice D. Hinchey, yon pwojè \$1.3 milyon ke New York Works sipòte, ki te fini nan ane 2015 e li bay vizitè yo enfòmasyon sou Park Catskill 700,000-kawotè.
- Amelyorasyon pou ogmante eksperyans vizitè yo ak ogmante sekirite piblik, sa ki gen ladan yon platfòm obsèvasyon, ki te fini nan Kaaterskill Falls.

- Bis I LOVE NEW YORK yo òganize vwayaj ski regilye apati Manhattan pou rive nan pant Catskills, sa ki gen ladan Mòn Hunter ak Belleayre, pou kondwi touris yo nan Upstate.

Pou jwenn plis enfòmasyon sou touris nan New York, vizite [www.iloveny.com](http://www.iloveny.com).

###

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Executive Chamber | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418